# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 अक्टूबर 2023** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लोगिन के स्वैच्छिक रक्तदान बदे प्रेरित करे पर जोर दिहले हवें। उहां के कहलीं कि एक यूनिट खून आजु कई जने क जिनगी बचा सके ला। श्री योगी कहलें कि विश्वकर्मा जयंती अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क जनमदिन सतरह सितम्बर से गांधी जयंती दुइ अक्टूबर ले चलल सेवा पखवाड़ा में पूरा प्रदेस में रक्तदान सिविर आयोजित कइल गइल, जवना में लोगि स्वेच्छा से रक्तदान कइलें। उहां के बतवलीं कि येह बिच्चे प्रदेस में पचीस हजार यूनिट खून जुटावल गइल। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ में इंडियन सोसायटी ऑफ ब्लड ट्रांसफ्यूजन एंड इम्यूनो–हिमैटोलॉजी क अड़तालीसवां वार्षिक राष्ट्रीय सम्मेलन ट्रांसकॉन–दुइ हजार तेइस क सुभारम्भ करत रहलें।

***प्रधानमंत्री मोदी जी का जन्मदिन 17 सितम्बर से लेकर के राष्ट्रपिता महात्मा गांधी की जयंती 2 अक्टूबर के बीच में सेवा पखवाड़ा का एक बड़ा कार्यक्रम चला है और मुझे प्रसन्नता है कि केवल सेवा पखवाड़ा के दौरान ही उत्तर प्रदेश में 25 हजार यूनिट ब्लड कलेक्शन हुआ और इसमें कई गुना लोगों ने अपने ब्लड ग्रुप की जांच करवा कर के वहां सुरक्षित रखवाया। जो ब्लड ग्रुप है लोगों के लिये ही महत्वपूर्ण है कि उससे हम आवश्यकता होने पर ही वहां पर उससे डोनेट करवाया और इस प्रकार के बड़े कार्यक्रम समय–समय पर चलते हैं। अगर डोनेट्री डोनेशन के लिये हम लोगों को तैयार करें, इसमें स्कूल–कॉलेजेज को देने के साथ ही विभिन्न स्वयंसेवी संगठनों का योगदान, सामाजिक संगठनों को जोड़ना, धार्मिक संगठनों को जोड़ना, समय–समय पर उनके बीच में सभा आयोजित करना ये शुरूआत अगर यहां से होती है तो मेरा मानना है कि जो कभी है अभी भी इस कमी को तो हम दूर कर ही पायेंगे लेकिन यह एक नयी शुरूआत होगी।***

येह मौका पर मुख्यमंत्री सम्मेलन से जुड़ल स्मारिका क विमोचन कइलें अउर ब्लड बैंकिंग के क्षेत्र में सराहनीय कार्य करे वाले बिसेसज्ञ डॉक्टरो के सम्मानित कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि पीलीभीत टाइगर रिजर्व के साथे प्रदेस क अउरियो जंगलन में बाघन क संख्या में बढ़ोत्तरी भइल हौ। उहां के कहलीं कि हम सबके मिलि के वन्य जीवन क संरक्षण अउर संवर्धन बदे कार करे के होई। श्री योगी कहलें कि प्रदेस आजु ईको पर्यटन के क्षेत्र में नया पहिचान बना रहल हौ। उहां के कहलीं कि पर्यटन के बढ़ावा देवे बदे उनकर सरकार अगहूं कार करत रही। मुख्यमंत्री आजु पीलीभीत क मुस्तफाबाद में वन्य प्राणी सप्ताह क समापन के मौका पर आयोजित कार्यक्रम के सम्बोधित करत रहलें। उहां के वन्य जीव संरक्षण अउर सतत ईको पर्यटन विकास कार्यसाला क सुभारम्भ कइलीं। सथहीं, विकास परदरसनियो क उद्घाटन कइलीं।

मुख्यमंत्री कहलें कि पर्यटन क सुविधा बढ़ावे के साथे–साथ वन्य जीवन के सुरक्षो क खास धियान रक्खल जाव। उहां के पीलीभीत टाइगर रिजर्व में बाघन क संख्या दुगुन्नो से बेसी भइले पर खुसी जतवलीं। येह मौका पर प्रदेस क वन पर्यावरण अउर जलवायु परिवरतन राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार डॉक्टर अरूण सक्सेनो मौजूद रहलें।

**********

उप–मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु गोरखपुर क दौरा पर पहुंचलें। उहां के बीआरडी मेडिकल कॉलेज में देउरिया मामिला में घाही लइका अउर ओकरे परिजन लोगिन से भेंटि कइलीं। श्री पाठक ओह लोगिन के भरोसा दिहलें कि सरकार दोसियन के खिलाफ कड़ेर कार्रवाई करी। उहां के कहलीं कि येह मामिला में उच्चस्तरीय जांचि जारी हौ अउर ऊ खुदे एकर निगरानी कइ रहल हवें। एहमन कउनों तरह क देरी चाहे लापरवाही बरदास्त नाहीं कइल जाई। देउरिया जिला में रूद्रपुर कोतवाली क्षेत्र क फतेहपुर गांव में बीतल सोम्मार के जमीनी के झगरा में एक्के परिवार क पांच लोगिन क कतल कइ दिहल गइल रहे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कल्हियें येह मामिला में कड़ेर कार्रवाई करत एसडीएम अउर डिप्टी एसपी के साथे पनरह अधिकारियन अउर करमचारियन के निलम्बित कइ दिहलें।

एकरे अलावे, उप मुख्यमंत्री अउर स्वास्थ्य मंत्री ब्रजेश पाठक आजु गोरखपुर में स्वास्थ्य विभाग क उच्च अधिकारी लोगिन के साथे बइठकी कइ के मण्डल में जेई, एईएस अउर संचारी रोगन क रोकथाम बदे कइल जा रहल उपाइनि क समीक्षा कइलें। येह मौका पर गोरखपुर सदर सांसद रविकिशनों मौजूद रहलें।

**********

बनारस में भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान–आईआईटी बीएचयू आजु आपन बरहवां दीक्षांत समारोह मनवलस। एहमन संस्थान के सज्जो पाठ्यक्रमन क एक हजार छौ सौ साठ मेधावी विद्यार्थियन के उपाधि दीहल गइल। दीक्षांत समारोह में 66 विद्यार्थियन के 106 स्वर्ण के साथे 108 पदक प्रदान कइल गइल आ 192 सोधार्थियन के डॉक्टरेट क डिगिरी दीहल गइल। समारोह क मुख्य अतिथि रक्षा अनुसंधान अउर विकास संगठन–डीआरडीओ क अध्यक्ष डॉ समीर वी. कामत छात्र–छात्रा लोगिन के मेडल अउर पुरस्कार दे के सम्मानित कइलें।

**********

भारतीय वायु सेना आठ अक्टूबर के आपन 91वीं सालगिरह पर प्रयागराज में भव्य एयर सो क आयोजन करी। समारोह से पहिले आजु प्रयागराज में परेड क फुल ड्रेस रिहर्सल अउर एयर सो आयोजित कइल गइल। आठ अक्टूबर के होखे वाला एयर सो में सौ से बेसी लड़ाकू विमान संगम के उप्पर हवाई करतब देखइहें।

**********